

An illustration of a man with dark curly hair, wearing a white t-shirt and grey pants, standing on a balcony. He is leaning on a black metal railing. The balcony is filled with various plants, including a hanging basket, a potted tree, and several small seedlings in a wooden planter. Laundry is hanging on a line to the left. The background is a warm, orange-brown color. Below the balcony, a brick building with a red staircase is visible. In the foreground, a street scene shows several people walking, a bicycle, and a small dog.

# Avanti Chris:

## Yon Gid pou Jadinaj Iben San Danje

Ilustrasyon ak Sophie Holin

## REMÈSIMAN

YON KOKENNCHENN MÈSI POU PWOGRAM EPA BROWNFIELDS AK PWOGRAM REVITALIZASYON TÈ POU SIBVANSYON POU SIPÒTE TÈ RABOURE GROUNDFIELD USA A BROWNFIELDS AK DEVLOPMAN EKITAB PWOGRAM ASISTANS TEKNIK AK DEVLOPMAN GID SA A. YON MÈSI ESPESYAL POU SOPHIE HOLIN POU YON ADAPTASYON VIZYÈL EKSTRAWÒDINÈ JADINAJ SAN DANJE AK RESOUS EKOLOJIK NOU YO, ADI NOCHUR POU JESYON FINISMAN GID SA A, AK ABBIE DUSSELDORP EPI MARIA BRODINE POU KÒMANTÈ DETAYE AK FIDBAK YO.



"JADINAJ SE ZAK KI PI  
TERAPETIK AK  
PWOVOKATÈ OU KA FÈ,  
ESPEYALMAN ANNDAN  
VIL....MET SOU SA OU  
JWENN FRÈZ."

- RON FINLEY, TED PALE



BEEP.. BEEP.. BEEP.. BEEP.. BEEP.. BEEP.. BEEP..


BONJOU, MWEN RELE CHRIS.



MWEN KONTAN MENNEN  
W AVÈ M JODI A...



...NAN YON  
AVANTI  
JADEN IBEN!



KÒMANSE JOUNEN MWEN AK YON BON TI DEJENE FÈ M SANTI M TANKOU YON SIPÈ-EWO! VITAMIN C, E, KALSYÒM, AK FÈ KI SOTI NAN FWI TANKOU ZORANJ KA DIMINYE ABSÒPSYON PLON. SA A SE YOUN NAN TI FASON MWEN PWOTEJE TÈT MWEN KONT TOKSIN KI NAN TÈ A KE MWEN PRAL TRAVAY NAN JADEN KOMINOTE A PITA.



MEN, ANVAN MWEN ALE ANKENN KOTE...

MWEN DWE VOYE JE SOU JADEN PO TERAS MWEN AN!

baw basket

GEN TÈLMAN ANPIL FASON OU KA ITILIZE MATERYÈL RESIKLE KI NAN ESPAS OU, KÈLKESWA JAN ESPAS SA A GWO OSWA PITI.

Katon ze

boutèy Soda

galon lèt tas kafe san waks

PUISKE JADEN MWEN AN KONTAN KOUNYE A, LI LÈ POU M PRAN YON TAS KAFE.

MWEN KITE BÒT JADEN MWEN YO DEVAN PÒT LA POU MWEN PA POTE PA AKSIDAN TÈ AK SIBSTANS DANJERE ANDEDAN KAY MWEN.

JODI A NOU PRAL FÈ YON BOUKANTAY SEMANS NAN JADEN KOMINOTE A. M AP DISTRIBYE FEYÈ OZALANTOU TOUT VIL LA POU FÈ LÒT JADINYE YO KONNEN YO KA POTE SEMANS POU PATAJE.





BONJOU MESYE RON!  
KÒMAN W YE MONCHÈ?

CHRIS! ANFÒM.

DING!  
DING!

OU SOU WOUT POU ALE  
NAN JADEN SA A ANKÒ?

MWEN TE JANM DI OU KE SE TE YON  
FAKTORI PENTI KI TE GENYEN KOTE SA A?  
OU GENDWA PA KWÈ MEN MWEN TE  
ENJENYÈ AN CHÈF LA! KITE M DI OU...



WI, SE VRE.


ANVAN KOMINOTE NOU AN TE RIVE REYINI, JADEN  
AN TE YON TÈ RABOURE --- YON PWOPRIYETE KI  
GENDWA TE KONTAMINE AK SIBSTANS DANJERE.  
NOU FÈ RECHÈCH SOU ISTWA SIT LA AVÈK...



FOTO ISTORIK  
AYERYEN, KAT,



DOSYE VIL / KONTE,



AK ENTÈNÈT LA!



NOU TE MENNEN KÈK ANKÈT AN PÈSÒN TOU. SIT LA TE AN DEZÒD EPI TE GEN MOVE SANT! LI TE TWÒ DIFISIL AK DANJERE POU NETWAYE POUKONT NOU.



EPI FOUYE POU TRANSFÒMASYON AN.

SE KONSA, GRAS AVÈK KÈK ÈD GOUVÈNMAN LOKAL AK ETA A, VWAZEN NOU YO TE REYINI,

BATI YON VIZYON POU YON JADEN,



EPI EVIDAMAN, RAKONTE ISTWA SE YOUN NAN PATI KI BAY PLIS PLEZI NAN VWAYAJ LA.

LI VIN PI KOMIK CHAK FWA, MESYE RON.






ANPIL KOMINOTE TANKOU PA M NAN TE EKSPoze AK POLISYON EPI ENDISTRI...



...TANKOU OTOWOUT, SIT DECHÈ TOKSIK, AK FAKTORI (TANKOU KOTE MESYE RON T AP TRAVAY LA). ZÒN KI PA GEN ANPIL REVNI AK KOMINOTE KOULÈ YO PLIS EKSPoze.



MEN, MWEN PRAL MONTRE W KÒMAN N AP RETOUPEN PRAN VIL LA PANDAN N AP TRANSFÒME ESPAS POLYE YO AN TOUT SEKIRITE AN ESPAS VÈT!






BONJOU  
CHRIS!

BONJOU  
MADMWAZÈL  
AMY!

SE AK ANPIL  
KÈ KONTAN MWEN VLE  
MONTRE OU NOUVO  
JADEN DÈYÈ KAY  
MWEN AN.

ANVAN MWEN TE KAPAB  
PLANTE SAN DANJE, MWEN TE  
OBLIJE APRANN KONNEN TÈ MWEN  
AN. LI ENPÒTAN POU TESTE TÈ W LA  
POU SIBSTANS DANJERE PASKE YO  
KA FÈ LEGIM OU YO TOKSIK!



PI GWO DANJE POU  
ENKYETE W SE PLON. PA GEN OKENN  
NIVO PLON KI SAN DANJE. PIFÒ VIL YO  
GEN GWO NIVO PLON NAN TÈ A KIDONK  
LI ENPÒTAN POU TESTE POU LI.

MWEN TRASE CHAK PATI NAN JADEN AN,  
MWEN PRAN ECHANTIYON TÈ LADAN YO, EPI  
MWEN VOYE ECHANTIYON YO NAN YON  
LABORATWA LOKAL.



BON BAGAY! DONK KI REZILTA TÈS YO?

MWEN TE APRANN KE LAKOU MWEN AN PA GEN OKENN TRAS PLON E KE TOKSIN YO NAN NIVO KI SAN DANJE, KI VLE DI MWEN KA PLANTE NAN TÈ A! SEPANDAN, MWEN TOUJOU VLE FÈ JADEN AN TOUT SEKIRITE POU DIMINYE EKSPOZE MWEN A NENPÒT SIBSTANS DANJERE.

YON MASK KA ANPECHE W RESPIRE NENPÒT PATIKIL POUSYÈ TOKSIK NAN LÈ A.

GAN KENBE ZONG OU AK MEN OU PWÒP EPI PWOTEJE YO KONT OBJÈ KI FILE.

AJOUTE PAY BWA PWÒP NAN PLANT AK KAWO PLANT YO ANPECHE POUSYÈ AK LÒT KONTAMINAN VANTE NAN ALANTOU A.



MÈSI POU VIZIT LA, MADAM AMY!

FÒ M ALE MEN SONJE POTE SEMANS OU POU BOUKANTAY SEMANS NAN JADEN KOMINOTE A PITA!

NATIRÈLMAN! MWEN PA KA RATE LI.



POU KILTIVE MANJE SAN DANJE, JADINYE IBEN TANKOU MADAM AMY BEZWEN PWOTEJE TÈT YO AK PLANT YO KONT POLISYON WOUT, FAKTORI, AK LÒT ENDISTRI YO.



O, BONJOU!  
MADAM TATI!

TATI,  
KOMAN OU  
YE?

O, CHRIS!  
BONJOU!  
MWEN  
ANFÒM, E  
OUMENM?

MWEN  
ANFÒM!  
KOUTE,  
MWEN  
DWE SOVE  
MEN MWEN  
GEN YON  
BAGAY POU  
ELÈV OU YO KI  
SOTI NAN  
JADEN AN!

PÒM FRE! JAN MWEN TOUJOU FÈ SA,  
MWEN TE ASIRE KE MWEN BYEN LAVE YO  
POU PA GEN OKENN TOKSIN SOU YO.


SA ENPÒTAN ANPIL POU TIMOUN  
K AP GRANDI TANKOU M, PA VRE  
MESYE CHRIS?

SE SA,  
CLEO!

MANJE TI GOUTE NOURISAN  
TANKOU FWI FRE, NWA, AK LEGIM PANDAN TOUT JOUNEN AN  
SE KLE POU GRANDI AK FÒS EPI RETE AN SANTE.

OU MENM AK MADAM TATI TA DWE VINI  
NAN JADEN AN PITA POU JWENN SEMANS POU  
KILTIVE PWÒP TI GOUTE BYEN GOU PA NOU!

WI, SAN PWOBLÈM!



M AP WÈ NOU TOUT PITA!

YO, SE OU  
MESYE TONY?

CHRIS!  
SAKAP FÈT?



POZE WI, KÒMAN SA YE BÒ KOTE W?

A OU KONNEN, MENM LÈ A NAN ANE A ANKÒ. MWEN DWE AJOUTE TÈ FRE AK MATYÈ ÒGANIK NAN PLATBANN MWEN YO CHAK ANE PASKE LI DIMINYE RISK KI SOTI NAN NENPÒT NOUVO TOKSIN KI GENDWA RETE ISIT LA.

SE VRE.



GADE YO POU W WÈ! PUISKE REZILTA TÈS TÈ KI NAN LAKOU MWEN AN DI LI GEN ANPIL PLON, MWEN BATI PLATBANN SA YO POU PÈMÈT PLANT MWEN YO GRANDI NAN TÈ PWÒP.

YO EDE M TOU RIVE NAN PLANT MWEN YO SAN TWÒP EFÒ AK PWOBLÈM DO M NAN.

plant  
tè pwòp



dlo pwòp



MWEN PLANTE TOU TOUF WOZ NAN PWENT JADEN MWEN AN POU ABSÒBE DLO LAPLI SAL, FILTRE LÈ A, EPI FÈ YON TANPON.

tè ki kontamine



NOU TE AKTIF, REKLAME POU LAVIL LA KILTIVE MANJE AK KOMINOTE NAN ESPAS KI AN SEKIRITE POU TOUT MOUN.





BONJOU TOUT MOUN!

WAW JADEN AN BÈL!

SA FÈ LONTAN NOU PA WÈ!

ANFÒM OUMENM!

ANFÒM, CHRIS!

MESYE CHRIS!  
MADAM TATI TE FÈK AP DI M KE JADEN SA A TE YON FAKTORI PENTI!  
ÈSKE SE VRE?

SE SA, CLEO!  
NOU TE TRAVAY ANSANM POU FÈ L TOUNEN YON KOTE KI AN SEKIRITE POU KILTIVE MANJE.





POU KILTIVE PLANT KI AN SANTE,  
NOU KÒMANSE AK TÈ KI AN SANTE. SI REZILTA TÈS TÈ W LA TE SAN DANJE  
EPI LI PA TOKSIK, OU KA TOUJOU FÈ LI MENM PI AN SEKIRITE TOUJOU POU  
PLANT YO GRANDI.

TANKOU MADAM AMY  
AP FÈ LA A!

BONJOU ANKÒ, CHRIS!  
N AP AJOUTE MELANJ  
LACHO AK KONPÒS.  
TOU DE SE BON BAGAY  
POU AMELYORE  
KALITE TÈ A.

BON BAGAY! SANBLE  
OU PRAL PARE POU  
SIMEN KÈK SEMANS  
NAN PA LONTAN. ÈSKE  
OU KA DI NOU SA K AP  
GRANDI LA A?

NOU TE CHWAZI  
VARYETE TOMAT SA A  
PASKE LI DONNEN  
ANWO TÈ A. SA  
DIMINYE CHANS POU  
KONTAK AK TÈ A.

GEN KÈK PLANT KI ABSÒBE  
TOKSIN NAN TÈ A NAN RASIN  
OSWA FÈY YO PANDAN Y AP  
GRANDI. DONK, EVITE KILTIVE  
LEGIM AK RASIN TANKOU KAWÒT OSWA  
FÈY VÈT TANKOU EPINA JISKASKE TÈ  
A VIN PWÒP AK RETABLI.

OSWA JISKASKE OU GEN  
KÈK PLATBANN TANKOU  
PA M YO!

A A! SE VRE  
MESYE TONY!

MESYE CHRIS,  
POUKISA GEN  
ANPIL BÈT KONSA  
ISIT LA?

YO RENMEN LÈ AK TÈ PWÒP MENM  
JAN AVÈK NOU! SE PI BON KOTE NAN VIL LA POU TOUT  
MOUN. ANN ALE NAN BOUKANTAY SEMANS LAN POU WÈ  
KISA W KA PLANTE LAKAY OU.

ECHANJ  
GRENN

15

MÈSI DÈSKE W TE VINI AVÈ M POU YON AVANTI JADEN IBEN! NOU KONNEN KE OU KA FÈ L TOU EPI NOU PA KA TANN POU WÈ SA W KILTIVE!





# FIDBAK JADINAJ IBEN SAN DANJE

## GEN ANPIL AVANTAJ NAN JADINAJ

IBEN AK AGRİKILT! ANPIL ETID MONTRE KONEKSYON ANT PWODIKSYON MANJE IBEN AK SANTE PIBLIK, KI GEN LADAN NITRISYON AMELYORE, PI GWO NIVO AKTIVITE FIZIK, AK OGMANTASYON AKSÈ KOMINOTE A AK MANJE KI BON POU TOUT MOUN. TIMOUN KI FÈ JADEN YO GEN PLIS CHANS ESEYE LEGIM, RENMEN YO, EPI MANJE PLIS NAN YO.

## AVANTAJ SOSYAL YO

GEN LADAN YO OGMANTASYON ENTÈRAKSYON SOSYAL, PLIS OPSYON TRAVAY, AK KONPREYANSYON AMELYORE SOU EKOSISTÈM AK PWOSIS NATIRÈL. GEN GWO AVANTAJ POU ANVIWÒNMAN AN TOU. JADEN IBEN, FÈM, ÒKAD, AK LÒT ESPAS VÈT KREYE ESPAS POU POU BÈT RETE, KI GEN LADAN POLINIZATÈ TANKOU MYÈL AK PAPIYON. YO MENM TOU YO EDE NETWAYE TÈ A AK DLO, AMELYORE KALITE ANVIWÒNMAN AN POU TOUT MOUN.



## LIS VERIFIKASYON JADINAJ IBEN SAN DANJE

### SOU PLAS

- METE GAN AK YON MASK POU EVITE MANYEN OSWA RESPIRE TOKSIN
- TESTE TÈ A POU SIBSTANS DANJERE TANKOU PLON
- METE LADAN L TÈ PWÒP AK KONPÒS CHAK ANE POU AMELYORE SANTE TÈ A
- BATI PLATBANN AK TÈ PWÒP POU EVITE PLANTE NAN TÈ KI KONTAMINE
- KILTIVE PLANT KI GEN MWENS CHANS POU ABSÒBE TOKSIN
- PAVE PAYI AK ZÒN KOTE PLANT YO PA AP GRANDI NAN PIL POUSYÈ AK KONTAMINAN
- PLANTE TI PYEBWA AK TOUF ALANTOU JADEN W LAN KÒM YON PWOTEKSYON
- SÈVI AK SWEN ESPEYAL AK TIMOUN YO PASKE YO PI SANSIB AK SIBSTANS DANJERE TANKOU PLON

### ANDEYÒ SIT LA

- LAVE MEN OU, RAD OU, AK MANJE POU DEBARASE OU DE POUSYÈ TÈ AK TOKSIN.
- KITE SOULYE YO DEVAN PÒT LA POU EVITE POTE TÈ KI KONTAMINE LAKAY OU.
- MANJE FWI AK LEGIM SEN. FWI ASID TANKOU ZORANJ AK SITRON AK LEGIM FÈY SONM TANKOU EPINA AK CHOU FRIZE GEN ANPIL VITAMIN C, KALSYÒM, AK FÈ.

APRANN PLIS BAGAY SOU JADINAJ IBEN SAN DANJE NAN GROUNDWORK USA:  
[WWW.TINYURL.COM/GWUSA-SAFE-GARDENING](http://WWW.TINYURL.COM/GWUSA-SAFE-GARDENING)

**GROUNDWORK USA** SE SÈL REZO ÒGANIZASYON LOKAL KONSAKRE NAN TRANSFÒME ANVIWÒNMAN AN NATIRÈL AK BATI NAN KOMINOTE KI MANKE RESOUS -- YON ANTREPRIZ NASYONAL AK RASIN LOKAL, K AP TRAVAY NAN ENTÈSEKSYON NAN ANVIWÒNMAN AN, EKITE, AK ANGAJMAN SIVIK.

**NOU PRAN ANGAJMAN POU:**

- POU SWIV YON AVNI KOTE ANVIWÒNMAN KATYE TOUT MOUN VÈT, AN SANTE AK FLEKSIB,
- DEFÈT ERITAJ LAMIZÈ AK DISKRIMINASYON RASYAL, AK
- KASE TANDANS GWO DIFERANS ANT KOMINOTE K AP JWI YON RENESANS AK KOMINOTE K AP FÈ EKSPERYANS DEZENVESTISMAN, NEGLIJANS, AK GWO LAMIZÈ.

NOU KWÈ NAN DIRIJE AK AKSYON. NOU CHACHE ELAJI PATISIPASYON NAN PWODUI AMELYORASYON TANJIB NAN LAVI MOUN, RETE POZITIF, EPI KONTINYE APRANN NAN CHAK ETAP SOU CHEMEN AN.

**[HTTP://WWW.GROUNDWORKUSA.ORG](http://www.groundworkusa.org)**

